ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№21 (23.679) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 13, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Белавенцев О. Е., КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А., Ингуш Республикэм и Іэтащхьэ Евкуров Ю.-Б. сымэ лэжьыгъэ Іуэхущхьэ Санкт-Петербург щыІащ

Лэжьыгъэ Іуэхущхьэ иджыблагъэ Санкт-Петербург щыІащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Белавенцев Олег, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, Ингуш Республикэм и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бек сымэ.

ДЗЭ-ТЕНДЖЫЗ политехническэ институтым щыкІуам ахэр яхуэзащ а еджапІэм и унафэщІхэм, егъэджакІуэхэм, курсантхэм. ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъхэзэм щыщ щІалэгъуалэу нэхъыбэ вузым щІэтІысыкъэн папщІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы щеджэ щІалэхэм ди республикэм и Іэтащхьэр щыгъуазэ ящІащ езыхэм я Іуэхур зэрекІуэкІым.

А махуэ дыдэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым икІа лІыкІуэхэр хэтащ Санкт-Петербург дэт Тенджыз зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 108-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

Урысейм и Вице-премьер Козак Д. А., КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. сымэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм 2018 гъэм зэрызыужьыну щІыкІэм теухуа Іуэхущхьэм

Дыгъуасэ Москва щызэхэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Козак Дмитрийрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ я зэІущІэ.

АХЭР тепсэльыхьащ республикэм 2017 гъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зэрызиужьамрэ щІыналъэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуамрэ яплъІа Іуэхущхьэм, бюджетзэхуаку зэхущытыкІэхэм, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм 2018 гъэм щэщІауэ зегъэужьыным и лъэныкъуэкІэ къыпэщыт къалэнхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

Сочэ щекІуэкІыну инвестицэ зэхьхьэшхуэм ди республикэм проекту тху утыку къыщрехьэ

Мазаем и 15 - 16-хэм Сочэ къалэм щекІуэкІыну Урысей инвестицэ зэхьхьэшхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхилъхьэну инвестицэ проекту тхум я уасэр сом меларди 7-м щегъэу. Ахэр екъэлІащ промышленностым, медицинэм, агропромышленнэ комплексым, туризмэм я Іэнатіэхэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм и инвестицэ, экономикэ зэфІэкІхэр щагъэлъагъуэ а зэхьхьэм 2017 гъэм къэрал зэмылІэужьыгъуэу 37-м я лІыкІуэхэр хэтащ. Псори зэхэту абы щызэращІылІаУэ щыта зэгурыІуэныгъэ 337-м я уасэр сом мелард 490-м ноблагъэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

КІэрыхубжьэрыхухэр щызэхадз иджырей Іуэхущ Іапі эрэ щІынугъ

КІэрыхубжьэрыхухэр зехьэныкІэ къэрал программэм хиубыдэу 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщрагъэжьэнущ кІэрыхубжьэрыхухэр щызэхадз иджырей комплекс.

ФЕДЕРАЛЬНЭ бюджетымрэ республикэ бюджетымрэ къыхахын хуей ахъшэр зыхуэдизыр щыубзыхуащ КъБР-м и Правительствэм Урысей Федерацэм ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм ирищІылІа зэгурыІуэныгъэм. 2018-2020 гъэхэм къриубыдэу абы трагъэкІуэдэнущ сом мелуани 104-м нэблагъэ.

КъБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэ.

Лъэмыжыр езыхэм тралъхьэж

2017 гъэм и фокІадэ мазэм Адыл-Су псыхъуэм къыщхьэщыгъ щыта псыдзэшхуэм зэраныгъэ куэд къихьащ, абы Бахьсэн Ипщэ къуажэм и деж телъ лъэс лъэмыжри трихат. Абы лъандэрэ къуажэм и Іыхьитіыр зэкІэлъыныкІуэфу, федеральнэ автомобиль гъэзугуми пэІэщІэу екІуэкІырт. Зы хьэблэм икІыу адрей хьэблэм кІуэн папщІэ щІыхуэхэм километрищым щІигъуКІэ къэкІуэкІыу автомобиль лъэмыжмкІэ зэпрымыкІыу хъурт экъым. АтІэми школыр, автобус къэвыІэпІэр, амбулаторэр, адрей социальнэ Іуэхущ Іапі эхэр сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкІэ щыІэти, къуажэм и лъэныкъуэр абыхэм япэІэщІэ хъуат.

А ПСОРИ къалъытэри, Бахьсэн районым и администрацэмрэ къуажэм и администрацэмрэ зэущІыгъу унафэ къащтащ лъэмыжыр езыхэм я къаруКІэ тралъхьэжыну. Лъэмыжыр щызэрагъэпэщыжым дзэпыкъуэгъушхуэ хъуащ къуажэдэхэр, а жьлэм къыдэкІа бизнесменхэр. А псоми я мылъку зэхэлъкІэ лъэмыжыщІэ тралъхьэжащ.

ТАРИМ Алисэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 13, гъубж

♦Радиом и дунейпсо махуэщ

♦1830 гъэм дунейм къытехьащ Урысей псыдзэшхуэм и законкэр щызэхуэхьэса тхыльхэр. Ахэр том 45-рэ хъурт.

♦1842 гъэм урысей пащтыхь Николай Езанэм Санкт-Петербург - Москва гъущІ гъэгъур ухуэным теухуа унафэм Іэ щІидзащ. ЗэрагъэхъыбарыжьмкІэ, а гъэгъур зыхуэдэнур картэм щыщритхъэм, Николай иІыгъ къэрэндащІыр тхылъымпІэм телъ и Іэпэм жьэхуэгъэм, ар къытхъыхьащ. Лэжьакіуэ жьэдаІуэхэм а щІыпІэм деж, апхуэдэ дыдэу, къэгъэшыпІэ иІэу ящІауэ щытауи жаІэж. А гъэгъуэм ар езыгъэщІа пащтыхьым и цІэр зэрихьэу щытащ 1923 гъэ пщІондэ.

♦1859 гъэм Москва япэ щІыхубз гимназие къыщызэІуахащ.

♦1895 гъэм дунейпсо кинематографым и лъабжьэр ягъэтІылъащ - Люмьер зэкъуэшхэу Луирэ Огюстрэ ящІа, кино зэрытрах япэ аппаратым и патент къратащ.

♦1924 гъэм РСФСР-м хы-хьэу къызэрагъэпэщащ Ипщэ-КъуэкІыпІэ областыр. Иджыпсту ар Ставрополь щыналъэрщ.

♦1943 гъэм совет зауэлІ альпинистхэр Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІащ икІи нэмыцхэм абы щагъэуба я бэракъэхэр кьрадзыхыжьи, СССР-м и ныпыр щагъэувыжащ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Новочеркасск (Ростов область) я къалэр хуит къащІыжащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Венгриемрэ я къалащхьэ Будапешт нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1972 гъэм зэхуащІыжащ Японием и Саппоро къалэм щызэхэта XI ЩІымахуэ Олимпиадэр.

♦1980 гъэм США-м щыщ Лейк-Плэсид къалэм къыщызэІуахащ XIII ЩІымахуэ Олимп джэгуэгъэр. Олимпиадэр махуэ и 24-м зэхуащІыжащ.

♦1984 гъэм Черненкэ Константин КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщІхьэу хахащ.

♦1988 гъэм Калгари (Канадэ) къыщызэІуахащ XV ЩІымахуэ Олимп джэгуэгъэр. Абы щыгъуэщІ фристайл, шорт-трек спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ япэ олимп зэпеуэхэр щекІуэкІар. Олимпиадэр махуэ и 28-м зэхуащІыжащ.

♦Урыс тхакІуэшхуэ **Крылов Иван** къызэралъхьэ илъэс 249-рэ ирокъу.

♦Кавказым и тхыдэр зыджа, адыгэхэм куэдрэ ятетхыхьа, жылагъуэ лэжьакІуэ **Щербинэ Фёдор** къызэралъхьэ илъэси 169-рэ ирокъу.

♦Урыс узрэджьІакІуэ цІэрыІуэ, Совет къэралыгъуэм и япэ цІыхубэ артист **Шаляпин Фёдор** къызэралъхьэ илъэси 145-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик **Льостэн Чэлимэт** къызэралъхьэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъыдэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦СССР-м щІыхь зиІэ и тренер, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тарасовэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, Адыгэ Республикэм и лъэпкъ театрым и художественнэ унафэщІ, УФ-м и цІыхубэ артист **Кукэнэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Израилым щыпсэу дзэ къуэлыкъущІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Рихьэние къуажэм щыІэ Адыгэ музейм и унафэщІ **Хъун Щэукъуай** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ, къеыш-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Мазаем и 14, бэрэжьей

♦Зэгуэкіуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Тхылъхэр саугъэт щІыным и дунейпсо махуэщ

♦Компьютерхэр зэпхърызылъхьэхэм, ахэр зэтезыгъуэхэм я махуэщ

♦1848 гъэм зэращІылІа мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ Мексикэм Техас штатыр США-м иратащ.

♦1918 гъэм «Лэжьакіуэхэмрэ мэкъумэшыщІэхэмрэ я социалистическэ Флот Плъыжьым теухуауэ» унафэр Щ Іыхубэ комиссархэм я советым къыдигъэкІащ. СССР-м и Дзэ-Тенджыз Флотыр къыщызэрагъэпэща махуэу ягъэльапІэу щытащ.

♦1918 гъэм Совет Урысейр григориан махуэгъэпсым техьащ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Ворошиловград, Дон Іус Ростов къалэхэр фашистхэм къыІэщІагъэкІащ.

♦1945 гъэм США-м и кхъухьлъатэхэм Прагэ къалэм лагъымхэр щрадзыхащ. Іуэхур зэхагъэкІа нэужькІэ наІуэ къызэрыхъуамкІэ, кхъухьлъатэхэр здэкІуэр Дрезден къалэрт, ауэ гуащэри Прагэ щхьэщыхьауэ арат. Абы щыгъуэ мамыру псэу цІыху 701-рэ зэкІудаущ, 1184-рэ уІэгъэ хъуауэ щытащ.

♦1952 гъэм Норвегием и къалащхьэ Осло къыщызэІуахащ VI �щІымахуэ Олимп джэгуэгъэр. Ахэр мазаем и 25 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1988 гъэм Ленинград ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и библиотекэм мафІэсышхуэ дыдэ къыщыхъуащ. Абы хисхауэ щытащ тхылъ мелуанитІ.

♦2005 гъэм иджыпсту цІыху куэд дыдэм къагъэсэбэп хъуа YouTube сервисыр къызэрагъэпэщащ.

♦Кавказым и тхыдэдж, адыгэхэм куэдрэ ятетхыхьа генерал-лейтенант **Потто Василий** къызэралъхьэр илъэси 182-рэ ирокъу.

♦Франджы сурэтыщІ цІэрыІуэ **Моне Клод** къызэралъхьэ илъэси 178-рэ ирокъу.

♦Урысей еджагъэшхэу, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Капицэ Сергей** къызэралъхьэ илъэс 90 ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, 1997 - 2000 гъэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадзэ щыта **Акъбащ Борис** къызэралъхьэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УзрэджьІакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым я лауреату щыта **Герман Аннэ** къызэралъхьэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, кинорежиссёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Ерёменкэ Николай** къызэралъхьэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦КъБР-м промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, политик **Атэлыкъ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Захуагъэ здэщІыІэ Урысей» фракцэм и унафэщІ **Миронов Сергей** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Батыр Умар** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦«Советская молодежь» газетым жэуап зыхь и секретарь, КъБР-м щыхь зиІэ и журналист **Къардэн Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ, къеыш-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Фызыр жьы хъумэ, фІы мэхъуж.

● Пхёнчхан-2018

Жэзрэ дыжьынкІэ къыщІадзэ. КъыкІэлъыкІуэнур дыщэ?

Дыжьын медалхэр къэзыхьа ди фигуристхэр.

Кореем и Пхёнчхан къалэм мэремым официальнэу къыщызэІуаха XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгуэгъэм зэхьэзэхуэ гуащІэхэм щрагъэжьащ. Абы и япэ дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ Швецием щыщ Калл Шарлоттэ.

СКИАТЛОНЫМКІЭ километр 15-м щІыхубзхэр къыщызэдзэкэнэращ Корее Ипщэм щызэхаубла зи чэзу Олимпиадэ хужьым япэ медалхэр щагъэджэгуар. Скандинав хьІтІыгуныкъуэм щыщхэм абы къащІыпэльщын къыхэкІакъым: дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ Калл Шарлотт (Швецие), дыжьыныр - Бьёрген Марит (Норвегие), жэзыр - Пармакоски Кристэ (Финляндие). Урысейм щыщ атлетхэм ящыщу нэхъ ехъулІэныгъэшхуэ зиІа Непряевэ Наталье еянэу къэсауэ аращ.

Шорт-трекымкІэ ди къэралым я спортсменхэм Сочэ медаль зыбжанэ къыпхуахьауэ щытащ. Арщхьэкіэ ар нэхъыбэу зи фІыгъэ Ан Виктор щалъхуа хэкум щекІуэкІ Олимпиадэм ирагъэблагъакъым икІи ди екъуІэныгъэхэр зэпщІыкІыну нэхъ мащІэ хуащ. ИІльэсиплІ ипкІэ эстафетэм Олимп чемпион щыхъуа Елистратов Семён иджы жэз медалымкІэ арэзы хъуащ. «Си дежкІэ ар дыщэм йофІэкІ, апхуэдизу гугъу сыдехьащІ», - жиІащ зэхьэзэхуэр иуха иужькІэ Елистратовым. Пэжщ, ди хэкуэгъум абдежым и насыпыр кІущІымыкІауэ пхужьІэнуКым: финишым къэсыным зы мащІэ фІэкІа имыІэжу япэ къита кореецымрэ франджымрэ джалэри, Семён ещанэу къэсащ.

Дыгъуасэ хуабжьу дагъэзым дыщэ медаль щхьэзакъуэ зэпеуэм къыщІахьыну дыщогугъ.

Олимпиадэ-2018-м етІуанэ дыщэ медалыр къыщІихьащ Германием щыщ Дальмайер Лаурэ. Нэмыцэ биатлонистхэр щытекІуащ километри 10-р къыщызэранэкІым. Нэхъапэ Іуэкіэ Дальмайер Пхёнчхан Олимп чемпион щыхъуащ спринт зэхьэзэхуэм. Дыгъуасэ абы зы мащІэкІэ къыпикІуэтащ Кореем кІуэну хуит ямыщІа Урысей спортсмен цІэрыІуэ Шипулин Антон и шыпхъу, Словакием и щІыхьыр зыхъумэ Кузьмина Анастасие. Дыдейхэм ящыщу нэхъыбэр Акимовэ Татьянэ 31-нэу къэсауэ аращ.

Официальнэу щымыт гуп зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ Германием и спортсменхэм. Ахэращ Олимп чемпион нэхъыбэ зэкІэ Кореем щызиІэр. Медалхэм я куэдагъэмкІэ псомиз япэ ищащ Норвегиер. Арщхьэкіэ абыхэм дыщэу иджыпстукІэ яхэтыр 2-щ. Пхёнчхан щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэр къызэрызэІуахрэ псори зэхэту къэсауэ 17-м медалхэр яІэрыхьакІэщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгуэгъэм къыщІахьа медалхэр (мазаем и 12-м ирихьэлІэу)

Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1. Германие	4	1	2	7
2. Голландие	3	2	2	7
3. Норвегие	2	4	3	9
4. Канадэ	2	4	1	7
5. США	2	1	1	4
6. Франджы	2	0	1	3
7. Швецие	1	1	0	2
8. Австрие	1	0	0	1
9. Корее	1	0	0	1
10.Японие	0	1	2	3
11.Урысей Федерацэ	**0**	**1**	**1**	**2**

Елистратов Семён

● ЩІыналъэ зэхуаку зэІущІэхэр

ЩІыуэпсыр хъумэным зэдегугъун хуейщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык дыгъуасэ, мазаем и 9-м, щекІуэкІащ «Росприроднадзор»-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ и къудамэхэм 2017 гъэм ялэжьахэр къыщащытэжа, 2018 гъэм къапэщылъхэм щытепсэльыхьа зэІущІэхэр. Абыхэм къыщыпсэльащ Ставрополь краим, Дагъыстэным, Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Къэрэшей-Щэрджэсым къикІа хьэщІэхэу зи гугъу тщІы Іуэхущ Іапі эм къедза и къудамэхэм я унафэщІхэр.

ПЩЭДДЖЫЖЫМ сыхьэти 10-м зи лэжьыгъэр щІэзыдза зэхьхьэр къызэІуихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**.

- Мыбы хуэдэ зэІущІэхэр ди республикэм зэрыщекІуэкІыр дэрКІэ гуапэщ. Хьэщ Іэхэри бысымхэри нобэ фытепсэльыхьынущ ЩІыуэпсым и илъэсым щхьэж и хэгъэгум щызэфІэвгъэкІахэм, ф Іуэхущ Іафэ мытынщым кърикІуахэри зэхэфЛъхьэжьынущ, зэвгъэхъуЛІахэмкІэ фызздэгуэзэнущ, къьифпэщ Іыпэхэри фЫуБзыхунущ, - жиІащ абы, къызэхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэза иужькІэ.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэ ирагъащ «Росприроднадзор»-м къэрал геологие кІэлъыпІыныгъэмкІэ и управленэм и тхьэмадэ **Поляков Олег**.

- Къыхэзгъэщыпхъэщ, КИФЩІ-м хыхьэ хэгъэгуэгр зэрыщыту къатщтэмэ, 2017 гъэм къриубыдэу, дыкъэзыухъуреихь дунейм хузэкъыныным, и щытыкІэм кІэлъыпІлъыным хузэгъэза зэгурыІуэныгъэу 60-м щІигъу предприятэ инхэмрэ курытхэмрэ ди къулыкъущІапІэм зэрарищІылІар. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуэ Іуэхущ Іафэхэм я нэхъыбапІэр зытещІыхьар жьы хъуа производствэр иджырей мардзэхэм къитІасэу къэгъэщІэрэщІэжьынырщ, ІэнатІэм технологиещІэхэр къыщыгъэсэбэпынырщ, - жиІащ абы.

Поляков Олег и къэпсэльэныгъэм зэпкърыхьэу къыщиГъэльэгъуащ 2017 гъэм къриубыдэу КИФЩІ-м и хэгъэгухэм къабзагъэр хъумэным хузэгъэзауэ щызэфІагъэКІахэмрэ кІэрыхубжьэрыхухэр зэхэдзыныкІэ предприятэщІэхэр къызэрыщызэІухарэмрэ.

- Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, УФ-р зэрыщыту къатщтэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкІэр зыхуэдэмкІэ, кІэрыхубжьэрыхухэр зэрыщызэщІакъуэжьымкІэ, зэрыщагъэсеижьыкІэ ИКФЩІ-р нэхъ пажэхэм, абы хиубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыбэрэ зэрыщІэтащ, - жиІащ «Росприроднадзор»-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ и департаментым и тхьэмадэ **Саркисов Роман**. - Ауэ, абы къикІыркъым зэлэжьыпхъэхэр ди мащІэу. Псалъэм папщІэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэр зэрыщыту къэпщІэнущ, дыкъэрыбдуэ хьэуам зы илъэсым хуэззу тонн 700-м нэблагъэ зи хьэлъагъэ фІей хозэрыць. Абыхэм ящыщу процент 70-р автомобилхэм къапкърыкІырыц, мыдрей процент 30-р Іуэхущ Іапі эхэм къытІупщырщ. Ар и зы щхьэусыгъуэщ щытыкІэр дэнэкІи зэрыщагъэфІэкІуэпхъэм. А лъэныкъуэм хуэгъэзауэ хэдгъэунэхукІа Іуэхуг Іуэфхэм ящыщІ Налшык дэт Гидрометзаводыр 2019 гъэм къыщыщІэдзауэ зэрыдздгъэІэпхъуКІынури. А предприятэм хухаха щІым щегъэкІуэкІыпхъэ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэ псори мы зэманым ирихьэлІэу зэфІэдзгъэкІащ.

Саркисов Роман къызэрыкигъащ, псори зэхэту щІыуэпсым зэран къыхуэзыхь предприятэр Іуэхущ Іапі эу мин 17-м нэблагъэ КИФЩІ-м щыІэу къабжащ. Абыхэм ящыщу мин 13-р щІыналъэ, мини 6-р федеральнэ мыхьэнэ зиІэщ.

«Росприроднадзор»-м и инспекторхэм къызэтрагъэувыІэ, жэуапым ирашалІэ щІыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щІыпІэхэм (ООПТ-хэм) хабзэм къемызэгъэу ягъэныгъэ щезыгъэкІуэкІэхэр, дыкъэзыухъуреихь дунейм къыдит хъугъуэфІыгъуэхэр (псалъэм папщІэ, псы къыщІэжьпІэхэр, нэгъуэщІхэр), щысхьыщІэу «къэзыгъэІуэрыщІэхэри», нэгъуэщІ абы хуэдэ мыхъумыщІагъэ зылэжьыхэри.

2018 гъэм «Росприроднадзор»-м къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжахэм ящыщу предприятэхэмрэ заводхэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрегъауэргъэмэщІэныр, езы Іуэхущ Іапі эм и Іэщ Іагъэпіхэм ирагъэкІуэкІ кІэлъыпІныгъэхэм я фІагъым хэгъэхъуэныр, кІэрыхубжьэрыхухэр гъэсеижьныр иджырей мардзэхэм къитІасэу къызэгъэпэщыныр, жылагъуэм щыщхэмрэ я властымрэ къэралым и экономикэм хуэлажьэ псоми зэпэлъэныгъэхэр драгъэкІуэкІыным къыхуеджэныр, нэгъуэщІхэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Унафэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъоплъ

● Абы дегъэпIейтей

УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэр зэрагъэзащIэр къыщапщытэ зи чэзу зэIущIэм 2017 гъэм республикэм и районхэм щкIуэкIа лэжьыгъэм ирикIуэхэм щыхэплъэжащ.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуздзэ **Ахъуэхъу Таймураз**, КЪБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу **Бозий Натбий**, республикэм узыншагъэр хъумэныжмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ хъумэныжмкIэ и министрхэу **Хъубий Маратрэ Тюбеев Альбертрэ**, районхэм администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къуздзэхэр, къэрал медицинэ IэхъуцIапIэхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэр.

КЪБР-м узыншагъэр хъумэныжмкIэ и министр Хъубий Марат и къэпсэльэныгъэм къыхихыгъащ 2017 гъэм республикэм лIэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыщыIыуар.

Лъыр зэрызекIуэм епха узыфэхэм илыкIхэм я бжыгъэр нэгъабэ и «гъэзгу картэм» къыщыгъэлъэгъуа мардэм нэхъ процент 22,4-кIэ нэхъ мащIэ хъущ. КъалъхуагъащIу дунейм ехыжхэм я бжыгъэм процент 32,8-кIэ хэщIащ. Жьэн узыфэм илыкIхэм я бжыгъэри «гъэзгу картэм» къыщыгъэлъэгъуам нэхъ процент 34-кIэ нэхъ мащIэщ. Хъубий Марат къыхихгъащ флюорографие къэпщытэныгъэр езыгъэщIахэр процент 28,7-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар, Iуэхур работ администрацэхэм къыззырдаIыгъам куэдкIэ и фIыгъэуи зэ зэрыщыпыр. Абы къыдэкIуэуи жиIащ жьэн узыфэм щIэзэз IэнатIэхэр флюорографие IэмэсэмэхэмкIэ тэмэму къызэрызэмыгъэпэщар, абыхэм я процент 70-р жьы зэрыхъуар.

Лъыш узыфэм илыкIхэм я бжыгъэм хэхъуащ. ЦIыху мини 100-м хуэдэу 134,5-р а узыфэ Iейм ихьащ. Къапщтэмэ, ар «гъэзгу картэм» къыщыгъэлъэгъуам нэхъ процентри 4,5-кIэ нэхъыбэщ. АбыкIэ бжыгъэхэр щылъагэщ Прохладнэ къалэм, Прохладнэ, Пэсэжи, Май щыналъэхэм. Ар къызыжкIыр узыфэр зэрыкагъэтIэсарщ, и чэзум IэщагъэтIэхэм зыхуагъаззэу зэрыщымытырщ. Лъыш узыфэр зиIэ сымаджэхэм хуащIэ медицинэ Iэхъутхьабзэхэм я фIагъым хагъэхъуэн папщIэ Онкологие диспансерым фотодинамическэ терапие IэмалыщIэр къыщагъэсэбэпын щIадзащ, Яубзыхуа страховой гъэтIылъыгъэмрэ къыхэкI мылькукIэ брахиотерапие аппарат къащхьащ; Унэтlыныгъэ зыбжанэ зиIэ, районхэм зэщдз сымаджэщым иджырей технологиехэмкIэ къызэгъэпэщауэ онкологие къудамэ къыщызэIуахащ. Министрым къыхихгъащ а унэтIыныгъэр егъэфIэкIуэныжмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм адэжкIи къызэрыпащэнур, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ зэщIэузэщу онкодиспансерыщIэ ухуэныр хэкIыпIэ нэхъыфIу къызэрилъытэр.

Министрым и докладым къыхэщащ гъэзгу-транспорт къэхъукъащIэхэм ихьахэм я бжыгъэр цIыху мини 100-м хуэдэу 6,9-рэ зэрыхъуар. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, апхуэдизкIэ къащIэхэм хэкIуэдахэм я процент 70-м нэблагъэр насыпныщагъэр къыщыхъуа щIыпIэм деж удын хьэлъэ ягъуэтахэм щилIыкIащ. Нэхъыбэ щыхэкIуэдар, цIыху 22-рэ, Прохладнэ къалэм, Дзэлыкъуэ районым я гъуэгуэхэщ.

● Шэрэдж щIынатъэ

Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

Шэрэдж щIыналъэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI Ефэнды Заурбэч къыщэрэджи-Iамкlэ, Iэтэтым хэтыну цIыхубэм иджы щIыщIэдзауэ яIуощIэ, ди къэралым и жылагъуэ гъащIэр ефIэкIуэныжмкIэ хэхыныгъэхэм зэрыщыгугъэхэм топсэлъыхь, цIыхухэм я упщIэхэм жэуап ират.

- ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ щIипсэухэм къагуроIуэ Урысей зэхэралыгъэр нобэкIэ зыIууэ гугъуехьхэр къызэнэкIа хьун папщIэ унафэщI щыпкъэ диIэн зэрыхуейр. Абы къыхэкIыу IэIэтым хэтыну хуейхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Ныбжь зиIэхэм я мызакъуэу Хэхакlуэ комиссэм хэтхэм щIалэгъуалэ куэдым упщIкIэ зыкъыт-хуагъазэ. Ахэр нэхъыбэу ехьэлIащ къэрал щыIб политикэм, псэукIэмрэ экономикэмрэ, европей къэралыгъуэхэм къыдащIыпIа санкцэхэм, - жиIащ Ефэндым. Комиссэм хэтхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, ветеран организацэхэр, цIыхубзхэм я Советыр, щIыналъэ администрацэр псори зэгъусэу йолэжь хэхыныгъэхэр тэмэму районым щегъэкIуэкIыным. Жылагъуэдзэхэм гурыIуэгуащ иджырей IэIэтым щIуэ къыхихыха хабзэхэмрэ ахэр зэрагъэзэщIэну щIыкIэмрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

«Урысей Федерацэм и демографие политикэр гъэзэщIэныжмкIэ щIапхъэхэм ятеухуауэ» УФ-м и Президентым и Унафэр зэрызэфIагъэкIым тепсэлъыхьащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныжмкIэ и министрым и къуздзэ **Асанов Алим**. Абы зэрыжиIамкIэ, 2017 гъэм дунейм къытехьащ сабий 11092-рэ, ар 2016 гъэм къалъхуахэм нэхъ мащIэщ. Къалъхухэм я бжыгъэр къыщIехуэхым и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ лъхуэн-пIэн ныбжьым ит бзылъхугъэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Дунейм къытехьэ сабийхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныжмкIэ Iэхъугъуэ щхьэхуэхэр ирагъэкIуэкI. АпхуэдизкIи, псалъэм папщIэ, ужандзегъуэр къызэпымыдыныжмкIэ, сабий зимыIэ зэщхьэгъусэхэм еIэзэныжмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ щхьэхуэхэр. БлэкIа илъэсым сабий зимыIэ зэщхьэгъусэхэу 1225-рэ ятхати, ЭКО Iэмалыр кьаргъэсэбэпа нэужь бзылъхугъэ 121-р уэндзегъу хьуащ.

КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжмрэ социальнэ хъумэныжмкIэ и министр Тюбеев Альберт и гугъу ищIащ сабийм и ныбжьыр илъэси 3 хъухукIэ абы бгъэдэс анэм къэралым деж щыгъуэт дзэпыкъуныгъэм, апхуэдизу япэ сабийм папщIэ мазэ къэс иратыну ахъшэм. Абы жиIащ унагъуэщIэхэм я дежкIэ сом мин 12-м мыхьэнэшхуэ зэриIэр, законыщIэ къыдэкIам псори зэрыщымыгъуазэм къыхэкIыу, лъхуапIэ унэхэм щылажьэхэм а хьыбарыр бзылъхугъэхэм зэрырагъэщIэн хуейр.

Хъубий Марат къыхигъащащ иужьрей илъэсхэм узыншагъэр хъумэныжмкIэ Iуэхущ щIапIэхэм я мыльку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным гулъытэшхуэ зэрыхуащIыр, абы и фIыгъэкIи медицинэ техникэ лъагэхэр кьаргъэсэбэпыну, къэпщытэныгъэ ирагъэкIуэкIэм зрагъэубгъуну, медицинэ Iуэхутхьабзэхэр ирагъэфIэкIуэну Iэмалхэр яIэ зэрыхъуар.

2017 гъэм и кIэм нагъэсащ дохутыр-физкультурэ диспансерым, республикэ психоневрологие диспансерым щекIуэкIа зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэхэр. Жьэн узыфэм щеIэзэ Iуэхущ щIапIэм екIуалIэ бжьамийхэр, кIапсэкэр эхуэкI хуагъэзэжащ. Перинатальнэ центрыщIэ къызэIуахащ. Былым, Курп Ищхьэрэ, Шордакъ жылэхэм фельдшер-акушер Iуэхущ щIапIэхэр щаухуащ. Бахьсэн къалэ гемодиализ центр къыщызэIуахащ. Республикэ бюджетымрэ Яубзыхуа страховой гъэтIылъыгъэмрэ къыхэкI мылькукIэ медицинэ Iэмэпсымэхэр щIэзэщIэну щIыпсэлъащ Май, Прохладнэ, Шэрдж район сымаджэщхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэу **Аникушинэ Татьянэ, Ан Виктор, Аккиев Махъты**, Шэджэм щIыналъэ администрацэм и унафэщIым социальнэ IэхъухэмкIи и къуздзэ **Iэрыпщэ Жаннэ** сымэ.

Хъубий Марат щIыпIэ администрацэхэм я лIыкIуэхэм яжриащ илъэс зыбжанэ хуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Дагъыстэн, Ингушь, Абхъаз, Осетие Ипщэ щIыналъэхэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, хамэ къэралхэу Иорданием, Италием, Тыркум, Франджым, Германием, Алыджым, Бельгием, Польшэм, нэгъуэщI щIыпIэ куэдми къыщащIыу, абыхэм я щIыхь тхылъхэмрэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ зыхуагъэфэща, адыгэхэр дыззэрыгушхуэ, дыззэрыин хэкупсэхэм ящыщ Бетыгъуэн Iуэес Iэбу и къуэр, - жаIащ абыхэм, зэхуэсыр къыщызIуахым. - ФIыуэ илъагъу, зэи Iэщыб имыщI щалъхуа куэдым Iуэес къедгъэблагъэжащ, деуэрщырылIэну, зэфIиха Iуэхугъуэхэмрэ иIэ мурадхэмрэ тедгъэпсэльыхьыну.

Апхуэдэу утыкум кьраша Бетыгъуэным Iэгуауэ ин хуаIэтащ зэхуэсым къекIуэлIаахэм, пщIэшхуэ зэрыхуащIыр нэрылъагъуу, икIи жьантIэр лъагъэри, пшыхьым адэкIэ пащащ.

ЩIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьэгъэжей Хьэсэн, цIыхум и пщIэр къэIэтыным, жылэдэхэр гъэпсэлъэным тещIыхьа зэIущIэ куэдым я жэрдэмщIакIуэм, псалъэ щратым, къыхигъэщащ Лашынкъейр цIыху цIэрыIуэхэмкIэ зэрыкъулейр.

- «Лъэпкъым и цIыху щэджащэ» зыхуэжытIэу, лашынкъейдэсхэр дыззэрыгушхуэ, дызэрыпагъ хэкупсэхэр, Тхьэм и фIыщIэкIэ, и мащIэкъым ди жьылэм, Лашынкъейм къыдэкIащ Совет Союзым и Плыхъукъ Къэрыкъуэйл Назир, Социалист Лэжьыгъэм и Плыхъукъ Хьэгъэжей Джонсон. Къинэмыщ1ауэ, ди жылэм щыщ куэдым къыхуагъэфэщащ къэралпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиIэ щIыхьыщIэ лъагэхэр, дамыгъэ лъапIэхэр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, зи лэжьыгъэ IэнатIэхэр щIыхь пылъу ноби езыхьэкIхэу, къыгущIэхъуэ щIэблэм зи Iуэху зехьэкIэкIэ, дуней тетыкIэкIэ щапхъэ яхуэхъуу Дыщэкl Назир, Мурэчай Руслан, Хьэгъэжей Руслан, Дыщэкl Марие, Хьэгъэжей Роэз, Тхьэзэплъыкь Мурат, Тылъщ Хьэсэн сымэ, нэгъуэщIхэри, - жиIащ Хьэсэн. - Къуажэдэсхэм нобэ зэдзэгъэлъапIэ Бетыгъуэн Iуэес ящыщщ ди жылэм и мызакъуэу, ди республикэ псом и щIыпIэ ноби езыхьэкIхэу, къыгущIэхъуэ щIэблэм зи Iуэху зехьэкIэкIэ, дуней тетыкIэкIэ щапхъэ яхуэхъуу Дыщэкl Назир, Мурэчай Руслан, Хьэгъэжей Роэз, Тхьэзэплъыкь Мурат, Тылъщ Хьэсэн сымэ, нэгъуэщIхэри, - жиIащ Хьэсэн. - Къуажэдэсхэм нобэ зэдзэгъэлъапIэ Бетыгъуэн Iуэес ящыщщ ди жылэм и мызакъуэу, ди республикэ псом и щIыпIэ къыдэкIа зыгъэIуахэм. А цIыху акъыпыкIэм бгъэдэль зэфIэкIым унэтIныныгъэ куэд къыззэIуебыдэ. «Щэнхабзэм и лыхъуэсжь» дунейпсо дыщэ орденыр, УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я Ассамблеем къыбгъэдэкI «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр Урысейм и зэкъуэтныныгъэщ» медалыр, Пётр Щэджащэм, Вернадскэм, Мамакаевым я цIэхэр зезыхь дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща куэд къытхэкIакъым адыгэхэм. Апхуэдэщ ди къуажэгъу Бетыгъуэн Iуэес. А цIэ, дамыгъэ лъапIэхэм нобэ иджыри зы щIыдгъунут. ЩIыпIэ администрацэм къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Бетыгъуэн Iуэес хэдгъэфэщащ «Лашынкъейр къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр.

Къуажэдэсхэм я Iэгуауэ иным щIэту, цIэ лъапIэм щыхьэт техьуэ тхылъыр Хьэгъэжейм Iуэес иритыжащ.

Я къуажэгъу лъапIэм ехьуэхьуну гукъыдэж зиIэхэр куэд дыдэ хъурти, псэлъапIэр яхуэзэрымыгъэгъуэтми ярейт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ егъэджакIуэ, Бзылъхугъэхэм я къуажэ советым и пашэ Дыщэкl Марие зэрыжиIамкIэ, Бетыгъуэн Iуэес гъащIэр зи эчыл, зэманым дежкIу адыгэлIу дунейм ятещI.

- Лъэпкъым и цIыху пашэ дэтхэнэми и пщIэр зыIэтыр, ар зыгъэгушхуэр, зыгъэлъагэр къызыхэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ егъэджакIуэ, Бзылъхугъэхэм я къуажэ советым и пашэ Дыщэкl Марие зэрыжиIамкIэ, Бетыгъуэн Iуэес гъащIэр зи эчыл, зэманым дежкIу адыгэлIу дунейм ятещI.

- Лъэпкъым и цIыху пашэ дэтхэнэми и пщIэр зыIэтыр, ар зыгъэгушхуэр, зыгъэлъагэр къызыхэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ Хьэгъэжейм Iуэес иритыжащ.

Я къуажэгъу лъапIэм ехьуэхьуну гукъыдэж зиIэхэр куэд дыдэ хъурти, псэлъапIэр яхуэзэрымыгъэгъуэтми ярейт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ егъэджакIуэ, Бзылъхугъэхэм я къуажэ советым и пашэ Дыщэкl Марие зэрыжиIамкIэ, Бетыгъуэн Iуэес гъащIэр зи эчыл, зэманым дежкIу адыгэлIу дунейм ятещI.

- Лъэпкъым и цIыху пашэ дэтхэнэми и пщIэр зыIэтыр, ар зыгъэгушхуэр, зыгъэлъагэр къызыхэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ Хьэгъэжейм Iуэес иритыжащ.

- Лъэпкъым и цIыху щэджащэ» зыхуэжытIэу, лашынкъейдэсхэр дыззэрыгушхуэ, дызэрыпагъ хэкупсэхэр, Тхьэм и фIыщIэкIэ, и мащIэкъым ди жылэм, Лашынкъейм къыдэкIащ Совет Союзым и Плыхъукъ Къэрыкъуэйл Назир, Социалист Лэжьыгъэм и Плыхъукъ Хьэгъэжей Джонсон. Къинэмыщ1ауэ, ди жылэм щыщ куэдым къыхуагъэфэщащ къэралпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиIэ щIыхьыщIэ лъагэхэр, дамыгъэ лъапIэхэр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, зи лэжьыгъэ IэнатIэхэр щIыхь пылъу ноби езыхьэкIхэу, къыгущIэхъуэ щIэблэм зи Iуэху зехьэкIэкIэ, дуней тетыкIэкIэ щапхъэ яхуэхъуу Дыщэкl Назир, Мурэчай Руслан, Хьэгъэжей Руслан, Дыщэкl Марие, Хьэгъэжей Роэз, Тхьэзэплъыкь Мурат, Тылъщ Хьэсэн сымэ, нэгъуэщIхэри, - жиIащ Хьэсэн. - Къуажэдэсхэм нобэ зэдзэгъэлъапIэ Бетыгъуэн Iуэес ящыщщ ди жылэм и мызакъуэу, ди республикэ псом и щIыпIэ къыдэкIа зыгъэIуахэм. А цIыху акъыпыкIэм бгъэдэль зэфIэкIым унэтIныныгъэ куэд къыззэIуебыдэ. «Щэнхабзэм и лыхъуэсжь» дунейпсо дыщэ орденыр, УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я Ассамблеем къыбгъэдэкI «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр Урысейм и зэкъуэтныныгъэщ» медалыр, Пётр Щэджащэм, Вернадскэм, Мамакаевым я цIэхэр зезыхь дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща куэд къытхэкIакъым адыгэхэм. Апхуэдэщ ди къуажэгъу Бетыгъуэн Iуэес. А цIэ, дамыгъэ лъапIэхэм нобэ иджыри зы щIыдгъунут. ЩIыпIэ администрацэм къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Бетыгъуэн Iуэес хэдгъэфэщащ «Лашынкъейр къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр.

- Лъэпкъым и Iэгуауэ иным щIэту, цIэ лъапIэм щыхьэт техьуэ тхылъыр Хьэгъэжейм Iуэес иритыжащ.

Я къуажэгъу лъапIэм ехьуэхьуну гукъыдэж зиIэхэр куэд дыдэ хъурти, псэлъапIэр яхуэзэрымыгъэгъуэтми ярейт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ егъэджакIуэ, Бзылъхугъэхэм я къуажэ советым и пашэ Дыщэкl Марие зэрыжиIамкIэ, Бетыгъуэн Iуэес гъащIэр зи эчыл, зэманым дежкIу адыгэлIу дунейм ятещI.

- Лъэпкъым и цIыху пашэ дэтхэнэми и пщIэр зыIэтыр, ар зыгъэгушхуэр, зыгъэлъагэр къызыхэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ

Зи пшыналъэр мыбгъунлъэ

Мэремыкъуэ Хъусен и ныбжьыр мазаем и 12-м илъэс 70 ирикъуащ

МЭРЕМЫКЪУЭ Хъусен: Си фэеплъу адыгэм къыхуренэ

Мэремыкъуэ Хъусен 1948 гъэм мазаем и 12-м Бахъсэн куейм хыхьэ Ислъэмей къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэм къыщыззрагъэпэща хорым уэрэд зэрыщыжиIам кьеГэлъагъуэ къыдалъхуауэ макъ зэриIэр пасэу нэрылъагъу зэрыхъуар. 1966 гъэм ар щIэтIысхьащ Налшык дэт Музыкэ училищэм. Абы Хъусен къыщыдеджащ уэрэджыIакIуэ, актёр щIэныIуэхэу Пщыгъуэш Юрэ, Тут Заур, Пщыншэ Хьэлым, Къуныжь Алим сымэ. Иригушхуэу игу къеГэкIыж и егъэджакIуэу щытахэу Къуэдзокъуэ Владимир, Хьэсанэ Мусэ, Темыркъан Юлэ, Проскуринэ Варьянэ, нэгъуэщIхэри.

1968 гъэм Мэремыкъуэр дзэм къулыкъу щищIэну ираджаш. Абы щыщIа илъэсхэрщ и макъым нэхъ зыщиужьауэ къыльытэр. Куйбышев (иджы Самарэ) гарнизоным уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым солисту хэтащ, иужькIэ ансамблым и унафэщIым и къуэдзэу щытащ. 1970 гъэм музучилищэр кьызэриухамкIэ дипломыр кьратыжри, ар Музыкэ театрым и хорым хохьэ. Зэманкlэ абы щолажьэ, иужькlэ Къэрал Телевиденэмрэ радиомрэ я хорым хэтщ. Езым къиуха Музыкэ училищэм егъэджакIуэу щыIэжащ Хъусен, еджапIэм иIа «ШыкIэпшынэ» ансамблми и солисту щытащ. И зэфIэкIыр зэрыльытэгам, ар къигъэсэбэныпи папщIэ и къару зэремыблэжынум и щыхьэтщ Налшык дэт «Эльбрус» комбинатым «Iащхьэмахуэ» фIищауэ уэрэдымрэ къафэмкIэ гуп къыщызэригъэпэщауэ зэрыщытар. 1984 гъэм щыщIэдзауэ Мэремыкъуэр щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием.

И щIэныгъэм консерваторэм щыпищэну и унагъуэ Iуэхуки Iэ хуэмыкIуами, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ Хъусен - абы къыхуащI Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и къудамэр.

1990 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Апхуэдэуи ар и цIыхубэ артистщ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм. Ди щIыналъэм и мызакъуэу, къэралым щекIуэкIа зэхьэзэхуэ, зэхьихьэ куэдым хэтащ лъэпкъ гъуазджэр иIэту, адыгэм и цIыр фIыкIэ игъэIуу. Зи гугъу тщIа цIэ лъапIэхэм къадэкIуэу, зэман зэхуэмыдэхэм ар игъэлъапIащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ.

ЦIыкIуу къамылъху ин хъуркъым

ЩIыцIыкIу дыдэм щыщIэдзауэ Хъусен макъ зэриIэр наIуэ къызэрыхъуар жыпIаи! И адэ Бислан и дзапэ, и анэ Къэрэжан и гущэкъу уэрэдхэм къызщIэтэджа щIалэр уэрэджыIакIуэ мыхъуу къэнэнт?! Ауэ абы щыгъуэми профессиональнэу уэрэджыIэнэр и гъащIэ гъуэ хъуну игу къэкIыхьэртэкъым. «Си анэм и макъыр, зэрыдэ машинэм дежьуу здэщыцым жиIэу щыта уэрэдхэр, иджыпстуи си тхьэкIуэм ит хуэдэщ. Си адэрэ ти, дахащэу къеХулIэрт адыгэ уэрэдыжьхэр, екIуу игъэзащIэрт зауэм щыгъуэ ятха уэрэдхэр. Иужьрейхэм щыщ гуэрхэр сэ нобэми сощIэж. Ауэ си адэр уэрэджыIакIуэ сыхъуну хуейтэкъым, бухгалтеру седжэмэ къыхсиумышIэн щымыIэу жиIэрт», - игу къеГэкIыж Хъусен. Арщхьакlэ натIэм итхар уэрэдырт, цIыхубэр гъэгушхуэныpт, лъэпкъым дахэкIэ хуэпэжьныpт. Школыр къыщаухым щыгъуэ абы и унафэщIыр щIэупщIат Хъусен и мурадхэм. ФIы дыдэу еджа, сыт хуэдэ экзаменми пэлъэщыну щIалэм юрист хъуну зэрыхуейр щыжиIэм, егъэджакIуэм а жэупыр игу ирихьакъым икIи кьечэнджэщащ «и эзчийр щIым щIимыIэжу» абы хуеджэну.

А махуэхэм ирихьэлIэу районым ЩIэнхабзэмкIэ и унэм къыщыкьахыpт Музыкэ училищэм къищтэну ныбжьыщIэхэр. Школ унафэщIым и жыIэкIэ Хъусен абы екIуэлIащ, нотэкэр щымыцIыхуми, уэрэд жыIэнымкIэ экзаменыр фIы дыдэу итри, ар еджапIэм щIэхуащ.

Музыкэ театрымрэ радиомрэ

Училищэр кьиухри, абы лэжьэн щыщIидзащ Музыкэ театрым и хорым, ауэ щIалэр а мащIэмкIэ арэзы хуэфырт экъым. «Къэбэрдокъуэ Борис и уэрэд гуэрхэр стхьэрэ худсоветым зэрыритами, нэгъуэщI зыгуэрхэр зэрыскхуэзфIэкIми куэдкIэ сагъэгугъэрт. Уэрэд цIэрыIуэ гуэрхэр ззэгъащIуэ зэрыжысIэм кьыдэкIуэу, КIуж Борис, Дзбагъуэ Хьэсэн, Бэрэгъун Владимир, ПащIэ Ахьмэд, Беппаев Сергей, нэгъуэщIхэми кьызэхьулIэу запысщIыжырт. Къэрал телерадиокомитетым и унафэщI Дыду Владимир сыхуэзащ къызжиIащ Музтеатрым сыкьыIукIыу радиом сыкIуэну. Псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ тIэкIу гугъут, общежитием сыщIэсти, абы сыкьыщIагъэкIынут. Ар зы, етIуанэрауэ, тенор зэрамыIэми къыхэкIыу, сыщылажьэмэ нэхъ кьащтэрт. ПцIы хэслъхьэрэкъым, лэжьапIэ сызэригъэуэвымкIэ си тхыпхым Дыдуи Iэ щIидза къудейуэ (ар 1976 гъэрщ), абы щыгъуэ щэнхабзэмкIэ министруу щыта Ефэнды Джылахьстэн нэпсэльат (сэ иджыри сыкъыщIэмыкIыжауэ): «Музыкэ театрым Хъусен къыIукIыжауэ жаIэри, радиом кьыуамыщта», - жиIэри. Сигъэгъэзэжыну арат зыхуейр. ЖыпIэнурамэ, бзаджагъэ сыхуеикIуэри, сакъыпIыIуикIауэ щытащ, нэгъуэщI хъунутэкъым. Си къару итыгъуэт, си макъым и лъэщыгъуэти, ар къэзгъэсэбэныпи сыпIащIэрт. Хорым сыхэтащ зэбграгъэкIыжьхуу, си уэрэд жыIэнми зэран хуэмыхъуу, уеблэмэ радиом щезгъэтэхынIамэ си бжэр зэIухауэ.

Зы махуи сыщIегъуэжакъым, утыкум уи закъуэу уитыным фIы фIэкIа хэлъуи схужыIэнукъым. Къэскlуа гъащIэ гъэзуанэм, творчествэри абы хэтыжу, сызыхущIегъуэжарэ згъэзэжIуэжыну сызыхуеярэ хэлъаIауэ кьыхсхэущIэжкыркъым.

Псалъэм и мыхьэнэр

Мэремыкъуэм гъащIэм нэхъыщхьэу щызэхуигъэувыжхэм ящыщ щIыхь цIыхум хуэлэжьэн, ифI зехуэн зэрыхуейр.

- Сэ си щIалэгъуэм щыгъуэ ягъэззэщIа уэрэдхэм купщIэшхуэ ящIэлъат. Си щхьэжкIи сыт щыгъуи сыхущIэкъуащ уэрэд мыхьэнэншэ утыку къызэримыхьэным. Уэрэдым и лъабжьэр макъамэракъым, симфониер псоми кьагурыIуэрхьэм, щынэхъыщхьэр псалъэхэращ. Иджыпсту зы макъамэ пычыгъуэ щIэзгъэдзIунщи, пщыгъупщэжынущ. Мыхьэнэ зиIэ, гупсысэ зыщIлъэ псалъэхэр си Iуэхущ уи гум ихуму. Псалъэхэр къомыхуэбылIэмэ, уэрэдыр щIыжьIэни щыIэкъым, абыкIэ цIыхум я гум удыхьэфынукъым... Псалъэ купщIэнщэ зыщIэлъэ уэрэдым гъащIэ иIэкъым, - жеIэ Хъусен. - Псалъэм и хьэтыркIэ, зэи сщIэгъупщэркъым Лыкъуэжь Нелли мы и псалъэхэр: «Уи бзэр бзууэ пIэщIэкIамэ, КIэлъыIуатИ къэпхъуэтэж. Бзэр уи щIэблэм Іурыпчамэ, Къэтли мащэ итIысхьэж». «Адэм къигъащIэр зы мащIэщ, Анэм къигъащIэр мыкуэд, Ахэм я Іофыр зымыщIэм, И гъащIэр пщIэнщэу мэкIуэд», - итхащ Джэдгъэф Борис. КъызэрыгъэкIщ, гурыIуэгуафIэщ, абы щыгъуэми гукъинэщ, цIыхум зыхищIыкI къудей мыхъуу, ипхъуэтэн хьэзырщ.

Дзапэ уэрэд хъуахэр

Мэремыкъуэ Хъусен зыдэмылэжьауэ, зи уэрэд жимыIауэ зы композитори диIэу къыщIэкIынукъым. Ар иригушхуэу топсэлъыхь зи уэрэд игъэзэщIахэм. Апхуэдэ уэрэдхэм, зи псалъэхэр цIыхум ящымыгъупщэу дзапэ уэрэд хъуахэм, ящищ зыбжанэ щIэджыкIакIуэхэм къезгъэщIэжынут. Мэремыкъуэ Хъусен и къизыгаIуэ защIэщ ахэр, нэгъуэщIым жиIэуи уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым. Хэкур, цIыхубэр, адыгагъэр, цIыхугъэр, анэдэлъхубэр зыгъэльапIэхэри, льэгъуныгъэм теухуахэри, гушыIэ уэрэдхэри яхэтщ абыхэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, «Адыгэ нэмыс» (псалъэр Хъэнфэн Алим, макъамэр Даур Аслъэн), «Си анэбзэ, си адыгэбзэ (пс. Джадгъэф Борис), «Си къарадзэ» (пс. Къажар Пётр, м. Бэрэгъун Владимир), «Пшынэ фIыщIэ» (псалъэхэри макъамэри Къуэдз Iэбзубжьи), «Уи цIэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?» (пс. Гъубжокъуэ Лиуан, м. Къардэн Хьэсэн), «Си гъатхэ» (пс. Тхьэгъэзэит Зубер, м. Хьэлупэ Джабрэ Iил), «Ленэ дахэкIей» (пс. Бахъуэ БетIал, м. Къардэн Хьэсэн), «Хэт усIащIха?» (пс. Бахъуэ БетIал, м. Къардэн Хьэсэн), «МэкIуауэм и уэрэд» (шэрджэс цIыхубэ уэрэд), «Хъэрахъэ» (пс. Щоджэн Хьэбас, макъамэр цIыхубэм ейщ, КIарэ Фолэ хэлэжьы-хьыжауэ), нэгъуэщI куэди.

Дискиблым щызэхуэхьэсауэ

Нэхъапэлуэкlэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къыщIыхьауэ Хъусен къызжиIауэ щытат зэман зэхуэмыдэхэм учыгъ кьрихьа лэжьыгъэ псом я нэхьыфIхэр щызэхуэхьэсауэ дискибл дунейм къытехьэн хуейуэ зэрыщытыр. Абы и Іуэхур здынэсам сыщыщIэупщIам:

- ЩIылъщ хьэзырыпсу, къыдэгъэкIын фIэкIа хуэмейуэ, - жеIэ и жагъуэ зэрыхъур и макъым хэплъагъуэу. - Абы темытыр укIуэдыж. Псалъэм папщIэ, уэрэду, макъамэу, усэу зэхэт, лъэпкъым и тхыдэ гуузым теухуа «Адыгэ» композицэр. Абы щоIу ХьэIупэ Джабрэ Iил, Мысостышхуэ ПщыIэбий, ЖьакIэмыхъу КIунэ, нэгъуэщIхэми я макъ. Абы къыдэкIуэу уэрэдищэ, адыгэ псалъэжьу, Къаночкуэ Баширрэ сэрэ зэпэддзыжу жыIгъу 100, макъамэ щIэту зы хъуэхъу и гъуэсу. Хорыр ежьуэу, лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэр щIэту езгъэтэха цIыхубэ уэрэдхэр; симфоние оркестрыр зыщIыгъуэмрэ шыкIэпшынэ макъ зыщIэтхэмрэ; зи макъамэм сыхэлэжьыхьыжа, «къэзгъэщIэрэщIэжа» уэрэдхэр. ЖыпIэнурамэ, лэжьыгъэ хъарзынэт, лъэпкъым, цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэ мымащIэ зиIэт. Ауэ, си жагъуэ зэрыхъунщи, зэкIэ дунейм къытехьакъым.

ЦIыху насып

Мэремыкъуэ Хъусен пхъурылъхуу плIы иIэщ - щIалитIрэ хъыджэбзитIрэ. Мис абыхэм яхельагъуэ Хъусен и насыпыр, и гурыфIыгъуэ нэхъыщхьэри ахэращ.

- Пром хуэмыдэу срогушхуэ мы гъэм МГИМО-м и «Международное право» къудамэм и бакалавриатыр къэзыух си щIалэ нэхьыжь дыдэм, Асхьэд. А еджапIэм къыдэкIуэу, ар щIэсщ Урысей Федерацэм и Правительствэм деж Финансэмкlэ щыIэ университетым. ТIури зэгъусэу къызэдиухынущ, Тхьэм жиIэмэ. Гъэ кIыам ар практикэ щыIащ УФ-м и Къэрал Думэм. ЩIымахуэ сессиер «фIы защIэжкI» итауэ къэкIуэжащ. Мазаем и 7-м Федерацэмкlэ Советым и лэжьыгъэм зыщыгъэгъуэзэн щIидзащ. Дауэ абы уэрэрыимыгушхуэнур?! Ялрауэ, пщIэ щIиту щIэтIысхьакъым, зы «4» къыхэмыхуэуи йоджэ. ЕтIуанэрауэ, жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру хэтщ, МГИМО-м и студсоветым и тхьэмадэщи, цIыхум гукъинэж ящIыхьу зэхьихьэ куэд къызэрегъэпэщ. Апхуэдэу ищIахэм ящыщщ КъБР-м и Ялп Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа пшыхьыр. Лъэпкъ шхьныгъуэзхэм, Урысеим щыпсэу лъэпкъхэм я Іэпщ Іэпльап щIагъэм теухуахэри ирегъэкIуэкI.

«Урыс-Кавказ зауэм хэта адыгэ лIыхъужьхэр» темэмкIэ игъэхьэзыра лэжьыгъэм ди республикэм щекIуэкIа зэпеуэм ялп уэвыпIэр къыщыхьауэ щытащ. «Адыгэхэр» фондым Москва щеджэ ди лъэпкъэгъу студентхэм щхьэкIэ игъэува, Къэжэр Альберт и цIэр зезыхьэ ахъшэ саугъэтыр къыхуаГъафэщащ нэгъабэ. УвыIэгъуэ имыIэу тхылъ йоджэ, си библиотекэм (ар Іейуэ схужыIэнукъым, адыгэм и мэ зыщыгуаэ зыIэрызмыгъэхьэIауэ къэзгъанэркъым) хэсщ.

Нарт эпосым сытогуэзвыхь

- Сэ сыщолажьэ Думэн Мурадин къызэригъэпэща Эстрадэмкlэ театрым. Абы щыIэщ цIыху зыхьIбл зыхьихьэ «Ридадз» ансамблыр. Гупым игъэзащIэ уэрэдыжьхэм папщIэ иджыпсту радиом ежьуэ щызэпх. Иджыпрей Іэмалхэр къэзгъэсэбэнурэ, щымыIэж хорым и кьалэныр согъэзащIэ жыпIэмэ ущыуэнукъым. Си щхьэкIэ хуабжьу сыхуэныкъуэщ радиом и хорым. Абы и зэфIэкIыр инт, ди лъэпкъым и дежкIэ игъащIэкIэ тхуримыгъэкъужькн хэщIыныгъэуи къызэлъытэ ар зэрызэбграгъэкIыжар. Ауэ Іэрыщщ хужумыIэнумэ, иджыпсту щыIэ Іэмэпсымэхэм Іэмал къуат ар зы цIыхум иригъэтхыфынуи, мис ар сщIыуэ аращ. Нарт эпосырщ сэ сызытегуэзвыхьыр, къэзгъащIэрэщIэжри аращ. Лъэпкъ зыбжанэ хьэзырщ ар зыIэщIаутIэкъуэну, аращи, тегъэщIапIэ нэхъыбэ диIэху ди дежкIэ нэхъыфIщ.

«Ридадз»-м и къыхуеджэныгъэ хуэдэу стхащ зы лэжьыгъэ, езым и фIэщыгъэщIэр иIэжу.

Си уэрэд щIэ бжыгъэу радиом щIэлъэкIи хуэдэу, а нобэ зи ужь сит макъамэхэр, ежьухэр лъэпкъым къыхуэзнэнущ си фэеплъу.

Епсэльар
БЛИЙ Даниэщ.

Пщыгъуэш Юрэ, Пщыхьэщ Iэ Мухьэжыр, Мэремыкъуэ Хъусен сымэ. *1977 гъэ*

ГуащIэшхуэ зиIэ уэрэджыIакIуэ

Си ныбжьым къриубыдэу сэ слъэгъуащ уэрэдгъэIэу, иджыпсту зэрыжаIэм хуэдэу жыпIэмэ, уэрэджыIакIуэ куэд, пхужьмыIэн хуэдиз дахагъэ зыхэлъ макъ телъыджэрэ утыку итыкIэрэ яIэу. Апхуэдэт, псалъэм и хьэтыркIэ, КIуащ Верэ, Шэрий Иринэ, Къуэдзокъуэ Владимир, ПащIэ Ахьмэд, Бэгъуэтыж Светланэ, лъэпкъым пэжкIэ хуэлажьэ-зэм ящыщ Тут Заур, нэгъуэщIхэри. Мис а къеэбжкIахэм, нэхьыфI дыдэхэм ящыщщ Мэремыкъуэ Хъусен.

УэрэджыIакIуэм и макъым зы къэгъэшыпIэ гуэр иIэщ, щыкIэр игъэтхытхыу. Мис апхуэдэ гуащIэ зыпкърылъ уэрэджыIакIуэщ Мэремыкъуэр.

Езым и къаруэр и зэфIэкIкIэ къилажьыжараш Мэремыкъуэ Хъусен хэлъ щIыжар. Абы пщIэ щIыхуэсщIыр, згъэнэхьапэр цIыхубэм, лъэпкъым яхуищIэфырщ. АтIэ, лъэпкъымрэ Мэремыкъуэ Хъусенрэ дауэ зэхущыту пIэрэ? Адыгэмрэ зи макъэр зыгъэльапIэ щIалэмрэ, лъэпкъымрэ абы и макъымрэ, дэунпIэ имыIэ жыхуаIэм хуэдэу, зэщIохьэ, зэщIоувэ. Ар наIуэ тщещI и дуней епльыкIэм, адыгэм зэрыхущытым.

Мэремыкъуэ Хъусенрэ Бэрэгъун Владимирэ хуэдэу адыгэ уэрэдыжьыр макъкIэ къэзыщтэфа лъэпкъым диIакъым. АбыкIэ шэсапIэ сихьэфынущ. Адыгэ уэрэдыжьу тIощIым нэс, уэрэду щищым щIигъу иригъэтхауэ радиом и фондым хэлъщ Хъусен. Ар щэнхабзэм, гъуазджэм и хэлъхьэныгъэшхуэщ. Псори мэкIуэдри уэрэдыр кьонэ жиIакъэ?! Хъусен и фэеплъ дахэу кьэнэнущ абы иригъэтха уэрэдхэр.

Мэремыкъуэ Хъусен зэчиишхуэ бгъэдэлъщ. НыбжькIэ мышщIалэжми, иджыри увыIэркъым, зыгъэр иригъэтх, зыгъэр кьиГэщI зэпытщ. Мис а сызыГэтхытх макъыр адыгэм зэи фIэмыкIуэдын Тхьэм ищI, иригъэтхауэ щIыIэхэр лъэпкъым хуэлэжьэну, ахэр псэуху лъэпкъри щыIэну си гуапэщ, си хъуэпсапIэщ.

Дахагъэу къэзгупсысын хуейуэ сызынэмысам и дахэр Мэремыкъуэ Хъусен Тхьэм кьыльитIэс.

ХЬЭIУПЭ Джэбрэил,
композитор, КъБР-м и цIыхубэ артист.

Си бзэ - си псэ, си дуней

Уэрэдым хуэдэу псынщIэу цIыхум и гум, и псэм гъэзгу кьызэгъэшуэт къэГуэтыгъуейщ. Гупсысапи ни чэнджэщапи дримыгъахуэу, ар ди гъащIэ гъуэсэ мэхъу, гуауэр тщигъэпсынщIу, гуфIэгъуэр нэхъ кууэуэ зыхьидигъащIу. Зи гугъу сщIыр рестораным щрагъэкIуэкI хьэгъуэлIыгъуэхэм къыщрагъауэ, къызыдэфэ, адыгэбзэ-мыадыгэбзэ псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдмыуэрэдхэркъым. АтIэ уэрэджыIакIуэр зэрыщытын хуейм и щапхъэу къэпхъ хъуну, адыгэ эстрадэм и уэгум вагъуэ нурыбэу щыблэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей - Шэрджэсми я цIыхубэ артист, уэрэджыIакIуэ щэджащэ Мэремыкъуэ Хъусен игъэзащIэ уэрэдхэм хуэдэхэщ.

МЭРЕМЫКЪУЭМ жиIэу Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и «дыщэ» гъэтIылъыпIэм уэрэд щищым щIигъу щIэлъщ. «Уэ сэ фIыуэ зэолъагъу, уэри фIыуэ сыкъэлъагъуэ», - жаIэу утыку кьилъэда уэрэджыIакIуэ щIэрыпсхэм къащхьащIыкIыу, Мэремыкъуэ Хъусен зы уэрэди иIэкъым и псалъэкIи и макъамэкIи зыхуей хуэмыгъэзауэ. Ар гумызагъэщ, уэрэдым псалъэ хуэзытхами макъамэ щIэзылъхьами еш имыщIэу ядолажьэ; зы уэрэдым и тхыным мазэ бжыгъэ текIуэдарамэ, игу хуэмызэгъуэу етIысэхьынукъым.

Сыт хуэдэ уэрэд абы и лъэпкъым тыгъэ хуищIахэр! «Адыгэ хабзэ», «Адыгэ лъэпкъ», «Адыгэ пщащэ», «Адыгэ пшынэ», «ЦIыху», «Си нанэ», «Си бзэ - си псэ, си дуней», «Тхьэм фысхуигъэпсэу», нэгъуэщI куэди. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист Мэремыкъуэ Хъусен жиIэ уэрэдхэм я нэхъыбэр апхуэдизкIэ купщIафIэщ, апхуэдизкIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэ ии яIэщи, хэкупсэкэр ирибгъасэу дерс щхьэхуэ пты хъунущ абыхэмкIэ.

Хъусен сэ илъэс куэд щIаэр соцIыху икIи срогушхуэ цIыхугъэшхуэ зыхэлъ а адыгэлIыр сызэриныбжьэгъум. Хъусен зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж, и лъэпкъым и пэ зыри изымыгъэщ адыгэлI пагэщ, гъащIэр, цIыхухэр фIыуэ елъагъу.

Зи республикэм, зи лъэпкъым куэд хуэзыщIа уэрэджыIакIуэ щэджащэ Мэремыкъуэ Хъусен къыщалъуа маХуэмкIэ сохъуэхъу и макъ телъыджэмкIэ уэрэд гуимыхужхэм иджыри куэдрэ дыщIигъэдзIыну, и унагъуэ дахэм зэшыщэу щхьэщытыну.

ТЭТРОКЪУЭ Астемыр,
КъБР-м и радиом и адыгэ къудамэм и унафэщI.

Лъэпкъым и фIыгъуэ

Хъусен ялп дыдэу щыслъэгъуар, сыщыIущIар унэлъащIэ щащI «Эльбрус» комбинатырщ. 70 гъэхэм икухэм абы сыщылажьэрт рабочэу. СэзэгъащIыхуари мастер нэхъыжьу цекым щIэт Къанкъуэ ФIыщIэт. Хъусен щIэх-щIэхыхуэ накIуэрт абы и деж. ФIыщIэ и уэрэд куэд хэтщ Мэремыкъуэм и репертуарым. ИужькIэ, 1979 гъэм, Хъусен сэрэ лэжьэгъу дыззхуэхъуащ: радиом сыкъаштащ корреспонденту. Абы щыгъуэ Хъусен радиомрэ телевиденэмрэ я хорым хэтт. А зэманхэм телевиденэми апхуэдэу къару игъэтыщатэкъым, телевизорри псоми яIэтэкъыми, радиорат жьыри щIэри зэдалуэр, унагъуэ щIагъуи щыIэтэкъым ар щIэмыту.

СОЩIЭЖ: а лъэхъэнэм письмор хъушэу кьакIуэрт радиом. Нэхьыбэу кьыщIэтхэри я псэм дыхьэ уэрэдхэр къратэтын щхьакIэт. Зы махуэ кьанэртэкъым «Мэремыкъуэ Хъусен игъэзащIэу мыпхуэдэ уэрэд девгъэдалуэ» жаIэу кьамытхыу. Псом хуэмыдэжу куэд кьыщIэупщIэрт Тхьэбысым Умаррэ Шэджьхьэщ Хьэмыщэрэ яуса «Ущытеткlэ, дахэ, мы дунейм», Къардэн Хьэсэнрэ Бахъуэ Бетlалрэ зэдатха «Хэт усIащIха?», Щомахуэ Хьэсэнбий иуса «Лъагъуныгъэм, жаIэр, кьигъэзжу» уэрэдхэм. Ахэр тхьэмахуэм тIэу, щ кьатырт. Уеблэмэ зэгуэрым редактор нэхъыщхьэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд ехъурджэуауэ щытащ макъамэмкIэ адыгэ редакцэм и къудамэр зыIэщIэту Сэкрэным, «Хьэсэн, уи концертхэм Хъусен и уэрэдхэр куэдыуэрэ хьумыгъэхьэу пIэра?» жери, «ЛIо-тIо» сыбгъэщIэнур, пIэIу письмор махуэ къэс Іэплlэкlэ кьысхуахь», - иритыжат абы жэуап Хъэсэн.

Мэремыкъуэ Хъусен хуэдэ цIыхухэр ди лъэпкъым и фIыгъуэщ икIи апхуэдэ зэчий зыбгъэдэлъхэр, гурэ псэкIэ адыгэм хуэлажьэхэр дгъэлъэпIэну ди борщщ. Лъэпкъым кьыжэкIа уэрэджыIакIуэ нэхьыфI дыдэу цIыху зыщыплIым я щIэ кьыйуэ жаIамэ, шэч лъэпкъ кьытезмыхьэу, Мэремыкъуэр абыхэм ихэзгъэхьэнт.

МЫЗ Ахьмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Мэремыкъуэ Хъусен и махуэр Къэзан Сэтэней деIэт. *2013 гъэ*

● Зэпеуэм пещэ

Гурэ псэкІэ зи Іуэхур езыхьэкІ егъэджакІуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ хабзэ хъуауэ арагъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальзэпеуэм и щІыпІэ Іыхьэхэр зэфІэкІауэ абы къыхэжаныкІахэр иджы республикэ утыкум къохьэ.

АНЭДЭПЪХУБЗЭМ и пщІэр Іэтыным, щІалэгъуалэр бзэм къыхуэгъэушыным хэушэнтІа мы зэхьэзэхуэм и къэпщытакІуэ гупыр щыхьэщІащ Мэлбахъэу Тимборэ и цІэр зэрихьэу Тэрч кьалэ дэт 3-нэ курыт еджапІэм. КъэпщытакІуэ гупым хэтт: Министерствэм лъэпкъыбзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, къэпщытакІуэ гупым и Іэтащхьэ **Табыщ Мурат**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Щоджэн Іэминат**, Налшык дэт 4-нэ гимназием и егъэджакІуэ **Уэркъуасэ Иринэ**, Налшык дэт 1-нэ гимназием и егъэджакІуэ **Махуэ Маринэ**, Лашынкьей дэт 1-нэ курыт еджапІэм и егъэджакІуэ **Къуэныкъуей Раисэ**, Шэджэм кьалэ дэт 1-нэ курыт еджапІэм и егъэджакІуэ **Къэрдэн Олеся**, Псынщокъуэ курыт еджапІэм и унафэщІым и къуэдзэ, егъэджакІуэ **Ахъмэт Рустам** сымэ, Кэнжэ дэт 20-нэ курыт еджапІэм и егъэджакІуэ **Къэзанш Нинэ**, Тэрч кьалэ дэт 1-нэ лицеим и егъэджакІуэ **Іуэхъу Аллэ**, Дыгулыбгъуей дэт, Цагъуэ Нурий и цІэр зезыхьэ 9-нэ курыт еджапІэм и психолог **КІурашын Альбинэ**.

Адыгэ хабзэм тету, хьэщІэхэм шыгъупластэкІэ кьапежьат Джылахъстэнэй «Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэ Ахъсор Хьэлым, илъэс куэдкІэ мы курыт еджапІэм и унафэщІу лэжьа Хьупэ Мухьэдин, Тэрч щІыналъэм щІэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Варий Маринэ, абы и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Ася, Хьыбар-методикэ центрым и унафэщІ Шыдукі Ларисэ, абы и лэжьакІуэхэу Ирыгу Риммэрэ Лэжьэрей Денярэ, Тэрч щІыналъэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Хьэгъур Светланэ, Іуэхур щекІуэкІыну еджапІэм и унафэщІ Къудзокъуэ Ритэ, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр.

Хъуэхъу псалъэкІэ зыкъыхуагъэзэ нэужь, лэжьыгъэр кьыззэзгъэпэщ лъэныкъуэм зэригъэпсам тету, хьэщІэхэр япэщІыкІэ ирагъэблагъащ еджапІэм и пІэущІэ пэшым еджакІуэхэм щагъэзыгъуэну тепльэгъуэм ирагъэпльыну. Кьеблагъэхэр щыгъуазэ ящІащ Тэрч кьалэр кьыззэрыныжхуа щІыкІэм, абы зэрызиужьам, дэт Іуэхущ Іапі эхэм, абыхэм щалэжь Іуэхуфіхэм, нэгъуащІэмэ. Апхуэдэу еджакІуэ цІыкІухэр кьеджащ зыщІэдзыгъэм, хабзэм теухуа усэхэм. ГъэщІэгъуэнт Тэрч щІыналъэм, курыт еджапІэм ятеухуауэ ягъэхьэзыра видео гъэлъэгъуэныгъэхэр.

Адэкіэ хьэщІэхэри хэгъэрейэри ирагъэблагъащ махуэшхуэм хуагъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэ купщІафІэм. Еджакіуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэм иращІыкІа, «Зэрыдахэ мы дунейр!» зыфІаща гъэлъэгъуэныгъэмкІэ ирагъэжьащ Іуэхур. Дерсщіыб Іэжьыгъэр мы еджапІэм екІуу къыз эрыщІыз эгъэпэщащ и щІыхьэт хъурт суратыщІ, пхъащІэ, уагъэ еуэ, дыщэ Іуданэр изыдз Іэпіэзэ цІыкІухэм я Іажьыгъэу утыку кэрахььхэр. Дэтхэнэ зы хьэпшіп цІыкІуми еджакІуэхэр егугъуат, ар зыхыумыщІэнкІэ Іэмал имыІэу узыІэпишэу, уздиьхьэу Іажьыгъэри зэщІа хъурт. УемыуІэзу, зэпумыпІъыхьу ублэкІыфырэтэкъым абыхэм, апхуэдизкІэ телъыджэти. Сабийхэм я Іэдакъэщ Іэкіыу зыхуумыгъэфэщэни яхэтт абыхэм, ауэ дэтхэнэри кьызыхущІкІамрэ зэрелэжьа щІыкІэмрэ уагъэльагъурт еджакІуэхэми, апхуэдэ гупсысэ уэзрилам щхьэкІэ узыщІуэкІыгъэкырт.

КъыкІэлъыкІуэу къэпщытакІуэхэм ирагъэлъэгъуащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щ ыграждж пэшыр. Ар уэздат дерсыр гъэщІэгъуэну, щІэщІыгъуэ ебгъэкІуэкІын папщІэ къэбгъэсэбэп хъуну тхьылъ, псалъалъэ, суэрт, нэгъуащІ ІэмэпсымэхэмкІэ, блынкэм фІэлът ди адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я суэртхэр. Классым ущыщІыхьэкІэ уи нэм кьыфІэзгъэнэхэм ящыщт стенд эзблэхьу фІэлъыр. Абдеж адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа цІыху цІэрыІуэхэу кьэунэху маззэм кьриубыдэху кьалъхуахэм я махуэхэр кьыщагъэлъагъуэу, щагъэлъапІэу апхуэдэт. Нэрылъагъут егъэджакІуэхэри еджакІуэхэри гугъу зрагъэхьу, зэгурыІуэу зэрыззэдлажьэр.

ЕгъэджакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ КІуантІэ Жаннэ къэпщытакІуэхэм я пащхьэ кьриплъхьащ ехьуІэныгъэу яІэхэр, бзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэм я цІэхэр кьыжиащ, сабийхэр адыгэбзэм дегъэхьэхьиным, ар фІыуэ ирагъэльагъуным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, кьапэщІыпІ кьалэнэхэм, яІэ мурадхэм и гугъу ищІащ.

Адэкіэ къэпщытакІуэхэр ирагъэблагъащ зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыра «мастер-класс» жыпхъэм и дерс зэІухам. Пэшыр дахэу гъэщІэрэщІауэ, урокым хуэгъэхьэзыраурэ щыІэт. Адыгабзэмрэ литературэмкІэ Іэмал имыІэу узыІэпишэу, уздиьхьэу лэжьыгъэри зэщІа хъурт. УемыуІэзу, зэпумыпІъыхьу ублэкІыфырэтэкъым абыхэм, апхуэдизкІэ телъыджэти. Сабийхэм я Іэдакъэщ Іэкіыу ебгъэкІуэкІын папщІэ къэбгъэсэбэп хъуну тхьылъ, псалъалъэ, суэрт, нэгъуащІ ІэмэпсымэхэмкІэ, блынкэм фІэлът ди адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я суэртхэр. Классым ущыщІыхьэкІэ уи нэм кьыфІэзгъэнэхэм ящыщт стенд эзблэхьу фІэлъыр. Абдеж адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа цІыху цІэрыІуэхэу кьэунэху маззэм кьриубыдэху кьалъхуахэм я махуэхэр кьыщагъэлъагъуэу, щагъэлъапІэу апхуэдэт. Нэрылъагъут егъэджакІуэхэри еджакІуэхэри гугъу зрагъэхьу, зэгурыІуэу зэрыззэдлажьэр.

ЕгъэджакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ КІуантІэ Жаннэ къэпщытакІуэхэм я пащхьэ кьриплъхьащ ехьуІэныгъэу яІэхэр, бзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэм я цІэхэр кьыжиащ, сабийхэр адыгабзэм дегъэхьэхьиным, ар фІыуэ ирагъэльагъуным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, кьапэщІыпІ кьалэнэхэм, яІэ мурадхэм и гугъу ищІащ.

Адэкіэ къэпщытакІуэхэр ирагъэблагъащ зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыра «мастер-класс» жыпхъэм и дерс зэІухам. Пэшыр дахэу гъэщІэрэщІауэ, урокым хуэгъэхьэзыраурэ щыІэт. Адыгабзэмрэ литературэмкІэ Іэмал имыІэу узыІэпишэу, уздиьхьэу лэжьыгъэри зэщІа хъурт. УемыуІэзу, зэпумыпІъыхьу ублэкІыфырэтэкъым абыхэм, апхуэдизкІэ телъыджэти. Сабийхэм я Іэдакъэщ Іэкіыу ебгъэкІуэкІын папщІэ къэбгъэсэбэп хъуну тхьылъ, псалъалъэ, суэрт, нэгъуащІ ІэмэпсымэхэмкІэ, блынкэм фІэлът ди адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я суэртхэр. Классым ущыщІыхьэкІэ уи нэм кьыфІэзгъэнэхэм ящыщт стенд эзблэхьу фІэлъыр. Абдеж адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа цІыху цІэрыІуэхэу кьэунэху маззэм кьриубыдэху кьалъхуахэм я махуэхэр кьыщагъэлъагъуэу, щагъэлъапІэу апхуэдэт. Нэрылъагъут егъэджакІуэхэри еджакІуэхэри гугъу зрагъэхьу, зэгурыІуэу зэрыззэдлажьэр.

ЕгъэджакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ КІуантІэ Жаннэ къэпщытакІуэхэм я пащхьэ кьриплъхьащ ехьуІэныгъэу яІэхэр, бзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэм я цІэхэр кьыжиащ, сабийхэр адыгабзэм дегъэхьэхьиным, ар фІыуэ ирагъэльагъуным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, кьапэщІыпІ кьалэнэхэм, яІэ мурадхэм и гугъу ищІащ.

Тхыгъэри зэрэтхэри
ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ *ейщ.*

Налшык къалэм дэт «Печатный двор» ООО-м иджыблагъэ къыщыдэкІащ КІэрашэ Михаил къызыхэзгІа лъэпкъым и тхыдэмрэ и къэкІуэкІыкІамрэ ятриухуа и тхылъыщІэр.

ГъэщІэгъуэнщ КІэрашэхэ я тхыдэр

● ТхылъыщІэ

ТХЫЛЪЫМ и пэублэ псалъэм абы щыжеІэ: «2016 гъэм и жэпуэгъуэ пщІондэ КІэрашэхэ ящыщ зы цІыхум ищІакъым Джылахъстэнейм, Осетием, Тыркум КІэрашэ лъэпкъым и лъэр щезыгъэубыдахэм я цІэхэр. Нэхъыжьхэм щхьэж зэращІэжьым хуэдэу тхыдэр кьаІуатэу арат. Абы кьыхэжІыу икъукІэ зэман куэд тфІикьащ КІэрашэхэ я лъэпкъ жыгыр зэфІэгъэувэжыным. Апхуэдэу, ди гуапэ зэрыхъунщи, кьэтхутэфащ лъэпкъыр кьызытепщыІыкІам я цІэхэр - ахэр Хьуэтрэ абы и щхьэгъусэ Махуэрэщ. Абы-хэм я кьуэхэм лъэпкъым и къуэпсхэм зыщагъэувБ-гъуащ Бэлъкъарэ ЦІыкІум, Осетием, Тыркум».

КІэрашэм жеІэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къахэкІыу лъэпкъым и тхыдэм ехьэлІа упщІэ куэдым я жэуап иджыри зэрамыгъуэтар, а лэжьыгъэм пащэну я щІэблэм зэращыгъуэгъыр. «ЕтІуанэ Дунейпсо зыдэса Къэбэрдей ЦІыкІум, Осетием, Тыркум щыщІэкІыжу ренэгу я кхутэжьну дащогугъ къытщІэхъуэ щІэблэм», - пещэ Михаил.

Тхылъым теухуа и Іуэху еплъыкІэр къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингуш Республикэмрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий: «КІэрашэ лъэпкъыр» тхылъыр зыгъэхьэзырам лэжьыгъэшхэм я кандидат, си кьуажэгъу (Къаншыуей щыщІу) Къэрэжь Хьэсэн илъэс 20-м щІигъукІэ зэхуихьэса архив дэфтэрхэр, 1886 гъэм Алхъо жылэм щрагъэкІуэкІа къыхэтхыкІыныгъэр, нэгъуащІ тхыгъэхэри. Сэбэпышхуэ къысхуэхьауащ Беслъэней Владимир «Малая Кабарда», «Малокабардинцы на фронтах Великой Отечественной войны 1941 - 1945 годов» и тхылъхэр», - щыжеІэ КІэрашэ Михаил тхылъым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дыдей защІэщ «Спартак-Налшыкым» хагъэхьар

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2017 - 2018 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щыщІидзэжьнум зыхъэзыІэтыжьа «Спартак-Налшыкым» етІуанэ зыгъэсэгъуэр зэхиублащ. Абы ипкъ иІкІэ мазаем и 4-м ди щІалэхэр Нартсанэ (Кисловодск) кІуащ.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫМ» и тренер нэхъыщхьэ Трубищын Сергей хъыбар къыдэхъуащ ІамкІэ, Нартсанэ кІуа футболист 25-ри ди щІыпІэм къыщалъхуащ икІи топ джэгуным зыщІыхуэзыгъэсащ. Блэкіа пІэщІыгъуэм и 80 гъэм лъандэрэ апхуэдэ къыщыхъуа щІыІэкъым икІи хуабжу узыщыгуфыкІынщ. Пэжщ, ар къызыхэкІар ди командэм хуэхьэ мыльку кэпщІыкІыу зэрагъэмэщІаращ. Кърат улахуэм щыкІэрыхум, нэгъуащІ щІыпІэ кърашахэр псынщІэу зэбгрыкІыжащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм гъусэ яхуэхъуащ куэдкІэ узыщыгугъ къыхэм адыгэ щІалэ зыбжани - ахэр гуп нэхъ лъэрыгъэхьэхэм ирагъэблагъащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьэр къэралпсо утыкум зэрыщагъэІэтынум шэч хэлъкъым.

Нэгъабэ «Спартак-Налшыкым» хэтахэм ящыщу кьэнэжар цІыхуибл къудейщ - Щоджэныр, Тебэрдыр, Каркаевыр, Мэшыкъуэр, Абаазэр, Лелюкаевыр, Ашуевыр. КомандэщІэ къэзэрагъэпэщым ахэр лъабжьэ быдэ хуэхъун хуейщ.

Зыгъэсэныгъэхэм кьадэкІуэу, налшыкдэсхэм зэныбжьэгъэгъэ зэІущІэхэри ирагъэжІуэкІынущ. АпхуэдизкІэ ящыщ зы махуэжу кІуам зэхэтащ. «Спартак-Налшыкыр» Нартсанэ щыхуэзащ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым къыдыхэт Нэрэн и «Ангушт»-м.

Джэгур хуабжу удэзыхьэх хъуащ. Абы къигъэлъэгъащ фІыкІэ узыщыгугъ хъун щІалэгъуалэ гуп ди командэм зэрыщІэхъуащэр. «Спартак-Налшыкыр» бжыгъэшхуэкІэ, 3:0-у, я къэрэхуэрэгъуэм ефІэкІащ икІи тегушхуэныгъэ нэхъ хэпІуэ адэкІэ зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзырынщ. Налшыкдэсхэм кьахэжаныкІащ Машэжьыр, Абаазэр, Ашуевыр. «Ангушт»-м и гугъу пщІымэ, ди лъахэгъуэху Къуэн зэкъуэшхэмрэ КІыщыдмрэ ящыкІагъэ зэрыхэкІыжар абы хуабжу зыхищІа хуэдэщ.

Кьыкіэлъыкіуэ зэныбжьэгъугъэ зэІущІэр «Спартак-Налшыкым» дригъэкІуэкІыну и мурадщ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Медаль зэмылІэужьыгъуэу 11

● Бокс

Налшык дэт «Гладиатор» спорт комплексым тхьэмахуэ блэкІам щыізэхэщ «Динамо» спорт зэгухьэныгъэм и саугъэтхэр боксымкІэ къэзыхьыным теухуа зэхьэзэхуэр. Абы хэтащ УФ-м и щІыналъэ куэдым къикІа, зи ныбжьыр илъэс 13-14-м ит спортсмен 100-м щІигъу.

ЗЫХЭТА гупхэм щрагъэкІуэкІа зэІущІэхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм зы Іэмали ирамыту текІуэныгъэр къыщахьащ Ерёмкин Анатолийрэ (кг 68-ря), Жьаанэ Тамерланрэ (кг 72-ря). Ялэ уеІпІэр яубыдыным зымащІэ яхуирикъуакъым Пэунэж Амырхьанрэ (кг 54-ря) Пщыгнэ Мухьэмэдрэ (кг 90). Абыхэм дыжьын медалхэр къахьащ.

Ещанэ уеІпІэр яубыдащ Абаазэ Аскэр (кг 43-ря), Хьэжнэгъуей Ислъамрэ Таумурзаев Ибрахьимрэ (тІури кг 46-ря), КъэуІуфэ Хэзырмэзэ (кг 42-ря), Щордан Алий (кг 54-ря), Джэрыджэ Къантемыр (кг 65-ря), Жансуев Ислъам (кг 72-ря) сымэ.

«Динамо» спорт зэгухьэныгъэм и саугъэтхэр кьыззэрахьам кьищынэмыщІауэ, ищхьэкІэ къыщыдгъэлъэгъуа спортсменхэм Іэмал кьахукъуэкІащ ныбжьыщІэхэм я руейсипсо зэхьэзэхуэм хэтыну.

КЪЭХЪУН Бэч.

Щ ыгъ ыгъ ыгъ